

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Bab ieu medar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku: (1) desain panalungtikan (2) métode panalungtikan (3) sumber data (4) téhnik panalungtikan, jeung (5) instrumén panalungtikan.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Dina ngagarap panalungtikan tangtu butuh rarancang panalungtikan. Ieu rarancang panalungtikan téh gedé mangpaatna sangkan ieu panalungtikan lumangsung kalayan runtuyan anu merenah. Rarancang panalungtikan téh sok disebut ogé desain panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun. Anapon léngkah rancangan panalungtikan dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Nangtukeun pasualan anu rék dianalisis dina ieu panalungtikan. Pasaualan anu dimaksud nya éta maluruh sajak-sajak anu luyu pikeun SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA
- 2) Maca sajak anu aya dina buku kumpulan sajak Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua.
- 3) Nangtukeun sajak anu luyu dijadikeun bahan ajar nurutkeun kurikulum pangajaran sajak, buku téks pangajaran sajak, pamadegan guru mata pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda, salah sahiji tiori Endraswara (sajak nu luyu keur siswa) jeung kamangpaatan ogé kaéndahan éta sajak. Dipilih 48 sajak tina 387 sajak anu ngawakilan 48 pangarang dina éta antologi.
- 4) Nganalisis 48 unsur struktur sajak dumasar pamadegan I. A. Richard jeung unsur pangwangun sajak dumasar pamadegan Alton C. Morris

- 5) Nangtukeun sajak anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA dumasar hasil analisis unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak.
- 6) Uji coba réspodén salaku wawakil siswa unggal jenjang atikan (SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA) kana hasil panalungtikan unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak.
- 7) Ngadéskripsikeun tur nyindekeun hasil analisis sangkan jadi alternatif bahan ajar sajak anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs., jeung SMA/SMK/MA.

### 3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode panalungtikan deskriptif kualitatif. Méthode déskriptif dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun naon-naon bebeneran anu aya dina panalungtikan. Déskriptif kualitatif anu ditétélakeun ku Suyanto (2006) aya opat léngkah nya éta: (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan. Opat langkah anu dimaksud di luhur téh dumasar kana objek ieu panalungtikan ngawengku:

- 6) Ngumpulkeun data nu rék dianalisis nya éta 48 sajak anu geus dipilih nurutkeun kurikulum pangajaran sajak, buku téks pangajaran sajak, pamadegan guru mata pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda, salah sahiji tiori Endraswara (sajak nu luyu keur siswa) jeung kamangpaatan ogé kaéndahan éta sajak. Dipilih 48 sajak tina 387 sajak anu ngawakilan 48 pangarang dina éta antologi.
- 7) Nganalisis data dumasar unsur struktur sajak nurutkeun I.A. Richard jeung unsur pangwangun sajak nurutkeun Alton C. Mories.
- 8) Napsirkeun data anu geus dianalisis anu saterusna dijadikeun alternatif bahan ajar pangajaran sastra Sunda hususna matéri sajak di SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA.
- 9) Nyieun kacindekan ngeunaan sajak mana waé anu luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar sastra Sunda di SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA.

Opat léngkah di luhur ngajadikeun hiji pola dina panalungtikan déskriptif nya éta réduksi data, ngadadarkeun data, jeung nyieun kacindekan.

Nurutkeun konstruktivisme, panalungtikan kualitatif miboga asumsi yén kanyataan téh diménsina jamak (jembar), interaktif, jeung mangrupa pangalaman sosial anu diinterpretasi ku unggal individu. Sedengkeun nurutkeun Danim (2002) panalungtikan kualitatif percaya yén bebeneran téh nya éta dinamis jeung bisa kapanggih ku cara nelaah jalma-jalma ngaliwatan interaksi jeung situasi sosial. Asumsi séjén ngajelaskeun yén panalungtikan kualitatif mengkaji préspektif partisipan ku stratégi-stratégi anu sifatna interaktif jeung fléksibel. Panalungtikan kualitatif nyokona maham fénoména-fénoména sosial tina sawangan partisipan. Cindekna, panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik kondisi objék ilmiah dimana panalungtik mangrupa instrumén konci nurutkeun Sugiyono (2005).

### 3.3 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) sumber data nya éta subjék anu ngahasilkeun éta data. Sumber data ngawengku tilu rupa, diantarana:

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi; jeung
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Sedengkeun nurutkeun Fathoni (2005, kc. 104) data nya éta informasi anu dicangking ngaliwatan ukuran-ukuran anu tangtu pikeun dijadikeun papagon dina

nyusun arguméntasi logis jadi fakta. Sedengkeun fakta nya éta kanyataan anu geus diuji bebeneranana sacara émpiris, diantaranya ngaliwatan analisis data.

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nu luyu jeung pedaran di luhur nya éta buku kumpulan sajak *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* hasil panalungtikan Iyo Mulyono Spk., anu diterbitkeun ku Pusat Pembinaan jeung Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan jeung Kabudayaan Jakarta taun 1979. Naskah buku ieu mimitina mangrupa hasil proyek panalungtikan bahasa Indonesia jeung Daérah Jawa Barat, satuluyna disarungsum jeung diterbitkeun maké dana proyék panalungtikan pusat. Sajak-sajakna maké basa Sunda. Kandalna ieu buku aya 314 kaca, eusina 387 sajak ti 48 pangarang. Éta sajak téh anu medal dina tahun 1954 nepi ka 1977.

Nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 199) taun 1979 Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa nerbitkeun antologi ieu nu dijudulan *Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua* (dua jilid). Timna nya éta Iyo Mulyono, Saini KM, Ano Karsana, jeung Mien Rumini. Ieu antologi téh meunang milihan tina sajak anu masih sumebar dina majalah jeung surat kabar (jilid 1), jeung tina *Lalaki di Tegal Pati* (Sayudi), *Surat Kayas* (Surachman RM), *Basisir Langit* (Surachman RM), *Janté Arkidam* (Ajip Rosidi), *Ombak Laut Kidul* (Rahmat M.Sas Karana), *Pamapag* (Ayat Rohaedi), *Katiga* (Yayat Hendayana), jeung *Kanjut Kundang* (éditorna Ajip Rosidi jeung Rusman Sutiasumarga).

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji usaha pikeun néangan hasil panalungtikan maké métode anu tangtu sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal, nurutkeun Suyatna (2002, kc. 18). Dina téhnik panalungtikan ieu bakal ngaliwatan dua tahap nya éta téhnik ngumpulkeun data, saterusna éta data dianalisis ngaliwatan téhnik ngolah/analisis data sangkan meunangkeun hasil nu dimaksud.

### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dumasar kana sumber data ogé instrumén anu dipake dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu dipaké nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung lembar uji coba. Studi dokuméntasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara ngungkab eusi dokumén pikeun meunangkeun data atawa informasi anu patalina jeung masalah anu keur ditalungtik. Data anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta data unsur struktur sajak anu ngawengku data jejer, wirahma, rasa, jeung amanat. Saterusna data unsur pangwangun sajak ngawengku diksi atawa pilihan kecap, imaji, kecap nyata, gaya basa, jeung purwakanti.

### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data dimeunangkeun ngaliwatan studi dokuméntasi satuluyna éta data dianalisis dumasar kana léngkah nu geus ditangtukeun. Léngkah nu dimaksud didieu nya éta tahapan dina analisis data saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun pasualan anu rék dianalisis dina ieu panalungtikan. Pasualan anu dimaksud nya éta maluruh sajak-sajak anu luyu pikeun SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA
- 2) Maca sajak anu aya dina buku kumpulan sajak Puisi Sunda Selepas Perang Dunia Kedua.
- 3) Nangtukeun sajak anu luyu dijadikeun bahan ajar nurutkeun kurikulum pangajaran sajak, buku téks pangajaran sajak, pamadegan guru mata pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda, salah sahiji tiori Endraswara (sajak nu luyu keur siswa) jeung kamangpaatan ogé kaéndahan éta sajak. Dipilih 48 sajak tina 387 sajak anu ngawakilan 48 pangarang dina éta antologi.
- 4) Nganalisis 48 unsur struktur sajak dumasar pamadegan I. A. Richard jeung unsur pangwangun sajak dumasar pamadegan Alton C. Morris

- 5) Nangtukeun sajak anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA dumasar hasil analisis unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak.
- 6) Uji coba réspodén salaku wawakil siswa unggal jenjang atikan (SD/MI, SMP/MTs. jeung SMA/SMK/MA) kana hasil panalungtikan unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak.
- 7) Ngadéskripsikeun tur nyindekeun hasil analisis sangkan jadi alternatif bahan ajar sajak anu luyu pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs., jeung SMA/SMK/MA.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah. Anapon instrumén dina ieu panalungtikan nya éta kartu data jeung tabél. Kartu data dipaké pikeun nyirian data nu rék dianalisis. Sedengkeun tabél dipaké pikeun ngasupkeun data nu geus dimeunangkeun, satuluyna éta data diolah sangkan meunang hasil anu dimaksud. Tabél –tabél anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Tabél sajak anu bisa dijadikeun bahan ajar

Tabél 3.1

Format Tabél Sajak anu Bisa Dijadikeun Bahan Ajar

No.	Judul Sajak	Pangarang
1.		
2.		
3.		
4.		
5.		

Dewi Kaniawati, 2021

*KUMPULAN PUISI PUISI SUNDA SELEPAS PERANG DUNIA KEDUA HASIL PANALUNGTIKAN IYO MUYONO, SPK. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR SASTRA SUNDA*

Universitas Pendidikan Indonesia\_repository.upi.edu\_perpustakaan.upi.edu

## 2. Analisis unsur struktur sajak nurutkeun I.A. Richard

Tabél 3.2

## Format Unsur Struktur Sajak

<b>Unsur Struktur Nurutkeun I.A. Richard</b>	<b>Analisis</b>
Jejer nganggo bahasa inggrisna	
Wirahma	
Rasa	
Amanat	

## 3. Analisis unsur pangwangun sajak nurutkeun Alton C. Morris

Tabél 3.3

## Format Unsur Pangwangun Sajak

<b>Unsur Pangwangun Nurutkeun Alton C. Morris</b>	<b>Analisis</b>
Diksi atawa Pilihan Kecap	
Imaji	
Kecap Nyata	
Gaya Basa	
Purwakanti	

4. Tabél hasil analisis sajak nurutkeun unsur struktur jeung unsur pangwangun sajak.

Tabél 3.4  
Format Hasil Analisis Sajak Nurutkeun Unsur Struktur jeung  
Unsur Pangwangun Sajak

No.	Sajak pikeun		
	SD/MI	SMP/MTs.	SMA/SMK/MA
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

5. Tabél uji coba sajak pikeun siswa SD/MI, SMP/MTs. jeung SM/SMK/MA

Tabél 3.5  
Format Sajak pikeun Siswa SD/MI

- a. Sajak pikeun Siswa SD/MI

No.	Sajak pikeun Siswa SD/MI	Hasil	
		Luyu	Teu Luyu
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			



Tabél 3.6

Format Sajak pikeun Siswa SMP/MTs.

b. Sajak pikeun siswa SMP/MTs.

No.	Sajak pikeun Siswa SMP/MTs.	Hasil	
		Luyu	Teu Luyu
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

Tabél 3.7

Format Sajak pikeun Siswa SMA/SMK/MA

c. Sajak pikeun siswa SMA/SMK/MA

No.	Sajak pikeun Siswa SMA/SMK/MA	Hasil	
		Luyu	Teu Luyu
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

6. Tabél kacindekan hasil ahir panalungtikan

Tabél 3.8

Format Kacindekan Hasil Ahir Panalungtikan

No.	Sajak pikeun		
	SD/MI	SMP/MTs.	SMA/SMK/MA
1.			

Dewi Kaniawati, 2021

KUMPULAN PUISI PUISI SUNDA SELEPAS PERANG DUNIA KEDUA HASIL PANALUNGTIKAN IYO MUYONO, SPK. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia\_repository.upi.edu\_perpustakaan.upi.edu

2.			
3.			
4.			
5.			

7. Tabél Uji Coba Réspondén

Tabél 3.9

Format Analisis Jejer jeung Eusi Sajak

Prak analisis jejer jeung caritakeun deui eusi ieu sajak!

Jejer	Eusi Sajak